



REKOMANDASYON PWOVIZWA POU RECHÈCH EDIKASYON SIPERYÈ PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 8 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Rekòmandasyon Pwovizwa pou Rechèch Edikasyon Siperyè sa yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Interim COVID-19 Guidance for Higher Education Research") pou bay manadjè / administratè etablisman rechèch edikasyon siperyè ak anplwaye ak kontraktè yo prekosyon pou ede yo pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan etablisman yo ap re-ouvè oswa kontinye fonksyone.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak rechèch edikasyon siperyè. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi aplike yo nan jesyon ak tout Plan Sekirite Sit la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize

operatè/mèt biznis yo avèk diskresyon pou refize rantrè moun ki pa respekte kondisyon pou kouvri figi yo oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzaminen kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje.

Anplis nòm sa yo, manadjè / administratè etablisman rechèch edikasyon siperyè yo dwe kontinye respekte ensiy ak direktiv pou kenbe anviwònman travay la pwòp epi sekirize ke DOH te pibliye yo.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Rechèch Edikasyon Siperyè Responsab nan Eta New York.

Pa gen okenn aktivite rechèch edikasyon ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite rechèch edikasyon ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Manadjè / administratè etablisman rechèch la, oswa yon lòt pati jan manadjè / administratè etablisman rechèch la ka deziyen l la (nan touleka, "Pati Responsab yo") ap responsab pou respekte nòm sa yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou tout travay k ap fèt andedan, total moun ki okipe espas la limite a 50% okipasyon maksimòm pou yon espas patikilye jan li fikse nan sètifika okipasyon an; epi
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami moun yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout. Nenpòt lè moun yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab. Moun yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt moun vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.

- Sepandan, kachnen an twal, ki ka jete, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la (pa egzanp si y ap travay ak materyèl eksplozif oswa pwodui chimik, asire yo mete kouvèti vizaj ki rezistan ak flam). Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon konsiy OSHA yo.
- Pati Responsa yo ta dwe devlope politik pou minimize kantite moun ki nesèsè pou nan yon kote nan yon moman kèlkonk. Pa egzanp, pou aktivite ki egzije sèlman yon moun, pou fini aktivite a nan tout sekirite, Pati Responsab yo ta dwe limite aktivite a a sèlman yon moun (pa egzanp yon sèl moun ki prezan pou bay bèt yo manje).
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay (pa egzanp ban nan laboratwa) yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye epi dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans lan pa posib ant estasyon oswa espas travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa baryè fizik (tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p'ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van).
 - Si yo itilize, yo ta dwe mete an plas baryè fizik selon Konsiy OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe limite itilizasyon espas travay ki pataje (tankou, "biwo pataje"), nan limit ki posib. Nan limit ke espas travay sa yo rete nan itilizasyon, yo dwe netwaye epi dezenfekte ant moun k ap itilize yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (paregzanp, asansè, sal anplwaye), sòf si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas oswa veyikil la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi siplemantè pou evite reyinyon nan asansè, nan zòn atant epi limite dansite nan asansè yo, tankou otorize itilizasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp, ban laboratwa, estasyon pou tcheke antre/soti, pòs depistaj, elatriye).
 - Pati Responsab yo ta dwe make sèk sis pye distans toutotou estasyon travay yo ak lòt zòn travay fiks komen.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatoù atravè etablisman an, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.

- Respekte prensip distans sosyal fizik la.
- Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
- Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (egz: reyinyon) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe konsidere fèmèn komodite ak espas komen ki pa esansyèl yo ki fè pwomosyon reyinyon oswa sifas moun touche anpil.
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou twalèt ak sal repo, e iyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo dwe repati orè pou moun k ap itilize etablisman yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp: poz, repa, chanjman orè / arè).

C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè pou sou sit la;
 - limite / ranvwaye aktivite rechèch ki egzije angajman moun ak moun nan ti espas;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - mete anplas politik enskripsyon pou itilize laboratwa / etablisman an;
 - priyore travay ki pèmèt distans sosyal plis pase sa yo ki pa pèmèt yo; epi / oswa
 - evite plizyè ekip oswa moun k ap travay nan yon menm kote lè yo espase travay yo pwograme yo epi lè yo itilize siy pou endike zòn ki okipe yo.
- Responsab Pati yo ta dwe ankouraje anlwaye yo travay lakay lè sa ka fèt. Pati Responsab yo ka chwazi devlope retou nan biwo pa etap pou anlwaye yo ki baze sou faktè tankou fonksyon, transpò sekirize, ak kapasite pou travay a distans.
 - Pati Responsab yo dwe ankouraje anlwaye yo ki manevre ekipman espesyalize ki ka kontwole a distans yo, pou kontinye fè sa.

- Pati Responsab yo ka otorize aktivite rechèch ki enplike rechèch sou sijè imen yo kote risk la ka diminye, epi sijè rechèch yo ka mete PPE ki apwopriye epi swiv ensiy distans sosyal la. Lè y ap kalkile kapasite etablisman epi respekte tout distans, PPE ak lòt egzijans pou anplwaye nan dokiman sa, yo dwe konsidere sijè rechèch imen yo, jan li aplikab.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe limite tout deplasman ki pa esansyèl.
- Responsab Pati yo de entèdi vizit ki pa esansyèl antre nan sit la, nan limit ki posib. Se vizitè ki esansyèl sèlman ki dwe antre nan sit la.
 - Pati Responsab yo dwe kowòdone ak ekip rechèch yo pou detèmine si gen vizitè ki pa esansyèl ki pwograme pou antre nan etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo dwe limite entarakasyon sou plas (pa egzanp limite aksè nan sal poz, repati orè yo) ak mouvman yo (pa egzanp, anplwaye yo dwe rete toupre espas travay yo) pi souvan ke posib.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt PPE dwe rete sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon vizitè ta nan bezwen. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Konsilte [konsèy](#) CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Remake ke kachnen an twal, ki ka jete, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon ki pi wo poutèt nati travay la (pa egzanp si y ap travay ak materyèl eksplozif oswa pwodui chimik, asire yo mete kouvèti vizaj ki rezistan ak flam). Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon [nòm OSHA yo](#).
- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye ak kontraktè yo sèvi avèk pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye ak kontraktè yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis, gid sa p ap anpeche anplwaye ak kontraktè yo mete kouvèti pwoteksyon pa yo posede (pa egzanp, mask chiriji, respiratè N95, oswa ekran fasyal). Pati Responsab yo ka egzije anplwaye ak kontraktè yo mete plis PPE pwotektif akòz nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt, kachnen apwopriye. Fòmasyon sa ta dwe pwolonje pou kontraktè yo si Pati Responsab yo ap bay kontraktè yo PPE.

- Pati Responsab yo dwe asire yo ke anplwaye ak kontraktè yo mete kouvèti vizaj lè y ap entèraji youn ak lòt ak / oswa ak lòt moun nan distans sis pye EPI san baryè fizik (egz: pleksiglas).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas mezi pou limite pataj objè, tankou ekipman, machinri, materyèl ak veyikil, ansanm ak touche sifas moun pataje; tankou ekran ak ekipman; oswa, egzijè travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzijè travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo respekte egzijans netwayaj ak dezenfeksyon ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "[Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "[KANPE PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k ap koule, papye jetab ak yon panye poubèl.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Mete dezenfektan pou men disponib nan toupatou atravè etablisman an. Yo ta dwe mete l nan kote ki adekwa, tankou nan antre, soti, kès ak asansè yo. Distribitè otomatik san touche yo ta dwe enstale kote ki posib.
 - Pati Responsab yo dwe mete panno toupre pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
 - Mete resipyan ozalantou etablisman an pou jete atik ki sal, sa gen ladan PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak sanitasyon ki apwopriye pou sifas moun pataje ak sifas moun touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa dapre enstriksyon fabrikant an pou yo itilize yo avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
 - Pou diminye sifas moun touche anpil yo, Pati Responsab yo dwe enstale komodite san kontak tankou fontèn dlo, poubèl ak aparèy pou seche men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwiksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye epi dezenfekte regilyèman lè yo itilize dezenfektan ki otorize, ki se omwen osi souvanke anplwaye ak kontraktè yo chanje

estasyon travay oswa chanje yon nouvo seri enstriman. Sèvi avèk [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.

- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize machin sa a.
- Pati Responsab yo dwe bay netwayan ak dezenfektan pou netwaye epi dezenfekte zòn ki ekspozè yo nan ka yo konfime yon moun genyen COVID-19, ki enkli omwen tout zòn ki gen anpil mouvman ak sifas yo touche anpil (pa egzanp, tab laboratwa, asansè antre etablisman an, eskanè badj, ranp nan talèt yo, ekipman, manch pòt).
- Enstwiwksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
- Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo. Zòn ki afekte a dwe fèmen epi netwaye epi dezenfekte.
- Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
- Lè zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab reouvè l pou itilizasyon.
 - Anplwaye ak vizitè ki pa t gen kontak ni sere ni rapwoche avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la kapab retounen nan zòn travay la kou li fin netwaye ak dezenfekte.
 - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
- Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyonman an kapasite ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak vizitè ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò sit la pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete an plas pratik obligatwa pou tès depistaj sante chak jou pou anplwaye yo epi, kote sa posib, pou vizitè yo, men tès depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou okenn pèsonèl livrezon.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye oswa vizitè a prezante nan etablisman an, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye oswa vizitè yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - Ominimòm, depistaj la dwe obligatwa pou tout anplwaye epi, lè sa posib, vizitè yo, epi fèt gras a yon kesyonè k ap gade si anplwaye a oswa vizitè a:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la.
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Al li konsèy CDC a sou "Sentom Kowonavis" pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, Komisyon Opòtinite Travay Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH la ka fè verifikasyon tanperati chak jou tou. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistremant done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ki enkli verifye tanperati, pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye, kontraktè oswa vizitè ki enfekte k'ap antre nan etablisman an. Manm pèsonèl la k ap fè aktivite depistaj yo ta dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.

- Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon anplwaye oswa vizitè yo depiste ki pozitif pou sentòm COVID-19 pa ta dwe otorize pou antre nan etablisman an e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte pwofesyonèl swen sante pou evalyasyon ak tès; politik sa pa aplike si anplwaye oswa vizitè a ap antre nan etablisman an pou evalyasyon oswa tretman medikal (pa egzans pou pran yon tès COVID-19 nan etablisman an). Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou DHCP k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre DHCP a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe idantifye yon pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a dwe idantifye tou kòm pati pou travayè yo ak vizitè yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye pou etablisman rechèch edikasyon siperyè a dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosedi netwayaj ak dekontaminasyon respektif yo.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon journal chak moun, ansanm ak anplwaye ak vizitè, ki ka gen kontak sere ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Journal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, yon fason pou yo kapab idantifye, retrace epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon anplwaye oswa vizitè ta dyagnostike avèk COVID-19. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch depatman sante lokal yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye oswa vizitè nan etablisman yo a mete yo okouran de yon rezilta tès COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon anplwaye oswa vizitè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal la pou retrace tout kontak nan lye travay la epi mete depatman sante eta ak lokal la okouran de tout moun ki te antre nan etablisman nan 48 èdtan anvan anplwaye oswa vizitè a te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te fè tès pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo egzije li.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.

- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè yo sou plas pou anplwaye yo. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la, e plan sa yo adapte pou etablisman rechèch yo itilize.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>